

**UPACARA TRADHISI NYADRAN KALI DHUSUN LAMUK GUNUNG, DESA  
LEGOKSARI, KECAMATAN TLOGOMULYO, KABUPATEN TEMANGGUNG**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitan Negeri Yogyakarta  
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Syarat Anggayuh  
*Gelar Sarjana Pendidikan*



dening :

**Muhammad Faisal Akbar**

NIM. 14205241021

Yogyakarta, 24 September 2018  
Pembimbing,

Dr. Purwadi, SS., M. Hum.  
NIP. 19710916 2005 01 1 001

Yogyakarta, 24 September 2018  
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum  
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

***UPACARA TRADHISI NYADRAN KALI DHUSUN LAMUK GUNUNG, DESA LEGOKSARI, KECAMATAN TLOGOMULYO, KABUPATEN TEMANGGUNG***

***THE TRADITIONAL RITUAL NYADRAN KALI IN LAMUK GUNUNG HAMLET, LEGOKSARI VILLAGE, TLOGOMULYO SUB-DISTRICT, TEMANGGUNG REGENCY***

Dening: Muhammad Faisal Akbar, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. [faisal.canary1996@gmail.com](mailto:faisal.canary1996@gmail.com)

**Sarining Panaliten**

Panaliten menika kanthi irah-irahan *Upacara Tradhisi Nyadran Kali Dhusun Lamuk Gunung, Desa Legoksari, Kecamatan Tlogomulyo, Kabupaten Temanggung* gadhah ancas ngandharaken (1) mula bukanipun (2) prosesipun (3) makna simbolik uba rampe saha (4) paedahipun upacara Tradhisi Nyadran Kali Dhusun Lamuk Gunung, Desa Legoksari. Gayut kaliyan ancasing panaliten menika, panaliti ngginakaken jinis panaliten Kualitatif. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika teknik analisis deskripsi kualitatif. Caranipun ngesahaken data menika ngginakaken *Teknik Triangulasi*. Asiling panaliten meika nedahaken bilih : (1) upacara tradhisi Nyadran Kali dipunadani saben warsanipun wonten ing wulan Rajab surya kaping 10 ananging wonten *tambahan prosesi* inggih menika kirab sesaji nalika taun kirang langkung 1970. (2) Lampahan upacara tradhisi Nyadran kali menika dipunbuka kanthi (a) arak-arakan, (b) kirab sesaji saha Nyadran Kali, (c) Ringgit Purwa, (d) Pasugatan kesenian. (3) Makna simbolik ingkang dipun ginakaken ing salebetipun upacara tradhisi Nyadran Kali minangka raos syukur kalihan Ingkang Maha Kuwaos bilih wonten Lamuk Gunung taksih wonten *sumber air* ingkang nyekapi kabetahanipun para warga masyarakat Dhusun Lamuk Gunung saha supados *sumber air* Curug Pontong mboten asat. (4) Paedah upacara tradhisi Nyadran Kali tumrapipun warga masarakat Dhusun Lamuk Gunung inggih menika (a) Paedah ing *bidang* sosial, (c) kabudayan, saha (d) pariwisata.

**Pamijining tembung:** *Nyadran Kali, Dhusun Lamuk Gunung*

**Abstrac**

This research entitled "The Traditional Ritual Nyadran Kali in Lamuk Gunung (Hamlet), Legoksari (Village), Tlogomulyo (Sub-District), Temangggung (Regency) aims to elaborate: (1) the origin, (2) the procession, (3) the equipments symbolic meaning, and (4) the benefits of Nyadran Kali Tradition in Lamuk Gunung, Legoksari. This research is a qualitatice research, the data analysis method used is descriptive qualitative analysis technique. The data validiting method used is triangulation technique. The results of this research show that: (1) Nyandran Kali traditional ritual is held once a year in the 10th of Rajab month, however there is an additional procession which is kirab sesaji in 1970, (2) the rundown of Nyadran Kali traditional ritual starts with (a) parade, (b) kirab sesaji and Nyadran Kali, (c) ringgit purwa (shadow puppet), and (d) art performance, (3) the symbolic meanings used in Nyadran Kali traditional ritual as the gratitude to God for the sufficient water source for the people in Lamuk Gunung and the prayer so that Curug Pontong water source will not be dry (have its water depleted), (4) the benefits of Nyadran Kali traditional ritual for the people of Lamuk Gunung are (a) social benefits, (b) cultural benefits, and (c) tourism benefits.

**Keywords:** *Nyadran Kali, Lamuk Gunung Hamlet*

## PURWAKA

Salah satunggalipun wujud kabudayan ingkang taksih dipuntindakaken dening masarakat inggih menika Upacara Tradhisi Nyadran Kali wonten ing Desa Legoksari kecamatan Tlogomulyo Kabupaten Temanggung. Tradhisi menika dipunlampahi satunggal taun sapisan nalika wulan Rajab surya kaping 10 (sedasa). Tradhisi menika sampun kalampahan wiwit jaman rumiyin. Upacara adat menika kalampahan amargi masarakat pitados bilih tradhisi menika saged ningkataken asiling tetanen mliginipun *tembakau* saha awujud raos syukur menawi satunggal tahun kapengker masarakat Dhusun Lamuk Gunung taksih dipunparingi toya ingkang nyakapi kabethanipun sedaya warga masarakat Dhusun Lamuk Gunung.

Wonten ing *era milenial* kados jaman samenika kathah para kadang anem ingkang sampun utawi mboten tepang kalihan kabudayan Jawi. Kabudayan Jawi minangka tinggalanipun para sesepuh kedah dipunlestantunaken mliginipun upacara adad Nyadran Kali kasebat. Desa Legoksari inggih menika salahsatunggaling Desa adat wonten ing Kabupaten Temanggung. Awit sking menika menapa kemawon ingkang jumbuh kalihan *peradatan* utawi tinggalanipun para sesepuh saweg dipunlestantunaken. Adhedasar kasunyatan menika, perlu dipunlaksanani penelitian kangge manggihi *kajelasan informasi* saha makna ingkang langkung *akurat* wonten Desa Legoksari Kecamatan Tlogomulyo Kabupaten Temanggung.

Adhedhasar saking andharan prakawis wonten ing dhasaring panaliten, Tradhisi Nyadran Kali gadhah maneka warni perangan ingkang saged

dipuntaliti. Awit saking menika saged dipunpundhut perangan ing ngandhap menika:

1. mula bukanipun upacara tradhisi Nyadran Kali ing Dhusun Lamuk Gunung;
2. prosesi upacara tradhisi Nyadran Kali ing Dhusun Lamuk Gunung;
3. makna simbolik uba rampe sesajen wonten upacara Nyadran Kali ing Dhusun Lamuk Gunung;
4. paedahipun upacara tradhisi Nyadran Kali ing Dhusun Lamuk Gunung.

Wonten ing panaliten menika naliti bab Upacara Tradhisi Nyadran Kali wonten ing Desa Legoksari Kecamatan Tlogomulyo Kabupaten Temanggung. Kabudayan inggih menika sedaya *gagasan, pikiran, karya*, saha asiling karyanipun manungsa ingkang boten namung nengenaken naluri. Saking sedaya penggalihanipun tiyang menika kedah gladhi langkung rumiyin, satemah saged nglaeraken salah satunggaling kabudayan (Koentjaraningrat, 1994: 1). Miturut Danajaya (lumantar Purwadi, 2009: 1) *folklor* inggih menika tradhisi *kolektif* salah satunggaling bangsa ingkang kasebaraken mawi lisan menapa dene *gerak isyarat* saengga taksih wonten gayut saking generasi tumrap generasi salajengipun. Kamidjan lumantar Mulyono (2018:198) ngandharaken bilih nyadran inggih menika wujud sarana *komunikasi* antawisipun tiyang kalihan leluhuripun.

## CARA PANALITEN

### Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *kualitatif* kanthi *metode deskriptif* kangge ngolah datanipun. Panaliti ngandharaken bab sejarah, prosesi lan makna

simbolik lampahipun saben prosesi ing tradhisi Nyadran Kali Dhusun lamuk Gunung, Desa Legoksari, Kecamatan Tlogomulyo, Kabupaten Temanggung.

### **Setting Panaliten**

Tradhisi Nyadran Kali menika kalampahan wonten ing Dhusun Lamuk Gunung Desa Legoksari Kecamatan Tlogomulyo Kabupaten Temanggung. Upacara tradhisi menika dipunlampahi nalika mlebet wulan Rajab surya kaping 10 (sedasa). Tradisi menika dipunlampahi dening sedaya masarakat mliginipun masarakat Dhusun Lamuk Gunung. Kanthi mekaten kathah masarakat saking sakiwa tengenipun Dhusun Lamuk Gunung tumut nyengkuyung adicara tradhisi Nyadran Kali menika.

### **Data, Pirantining Panaliten, saha Caranipun**

#### **Ngempalaken Data**

Wonten ing panaliten menika, panaliti ngginakaken *data primer*, inggih menika *data* ingkang langsung dipunkempalaken saking sumbering *data* utawi *informan*. *Informan* saged kapilih kanthi *teknik sampling purposive*. *Teknik sampling purposive* inggih menika teknik migunakaken *sampel* (tuladha) ingkang gayut kalihan panaliten. Piranti panaliten inggih menika alat kangge ngempalaken data. Kangge ngempalaken data, wonten ing panaliten menika, *instrument* ingkang kaginaaken inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*) kaliyan piranti pambiyantu kadosta *kamera* kanggge mundhut *gambar* utawi alat rekaman sanesipun kados *voice recorder* kangge ngrekam wangsulane saking *informan* ingkang ngandharaken prosesipun adat menika. Caranipun ngempalaken data kanthi cara observasi, wawancara mendalam, saha dokumentasi.

### **Caranipun Ngalisis Data**

Caranipun nganalisis data wonten ing panaliten menika ngginakaken metode deskripsi kualitatif. Data dipunandharaken kanthi awujud tetembungan lan ukara. Cara utawi teknik ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten tradhisi Nyadran Kali Dhusun lamuk Gunung, Desa Legoksari, Kecamatan Tlogomulyo, Kabupaten Temanggung inggih menika teknik *Triangulasi*.

## **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

### **1. Asiling Panaliten**

Panaliten tradhisi Nyadran Kali wonten ing Dhusun Lamuk Gunung Desa Legoksari ngandharaken asal-usul tradhisi Nyadran Kali, lampahing tradhisi Nyadran Kali, *makna simbolik* ing tradhisi Nyadran Kali, saha paedahing tradhisi Nyadran Kali. Kangge ngandharaken ancasing panaliten, panaliti migunakaken metode panaliten kualitatif supados langkung cetha anggenipun ngandharaken panaliten. Anggenipun ngempalaken data kanthi teknik *triangulasi* inggih menika, *pengamatan berperan serta*, *wawancara mendalam*, saha kanthi *dokumentasi*. Cara ngesahaken data migunakaken teknik *triangulasi sumber*, *triangulasi metode*, saha *triangulasi teknik* saengga data-data ingkang dipunandharaken ing panaliten awujud data ingkang *valid* saking proses *pengamatan berperan serta*, *wawancara mendalam* kalihan *informan*, saha kanthi migunakaken *dokumentasi*.

Asal-usul tradhisi Nyadran Kali menika mboten dipunmangertosi wiwitanipun taun pinten daos tradhisi menika taksih *anonym*. Para warga masryarakat Dhusun Lamuk gadhah ancas badhe nglestantunaken menapa ingkang sampun dados

tinggalanipun para leluhur Dhusun saha manggihaken tradhisi jawa ingkang wonten ing masarakat menika saged rembaka malih kanthi tata cara ingkang langkung narik kawigatosan kadosta psugatan kesenian supados masarakat *antusias* anggenipun nyengkuyung tradhisi menika. Lampahanipun tradhisi Nyadran Kali menika wonten ing wekdal mapak wulan Rajab. Wekdal panaliten menika, tradhisi dipunlampahi dinten Senin surya kaping 2 wulan April warsa 2018, ingkang muturut petanganipun tanggalan jawa inggih menika 10 Rajab 1429 H. Tradhisi menika dipunlampahi wonten ing *sumber air* utawi curug Pontong Dhusun Lamuk Gunung Desa Legoksari . Prosesi saha *makna simbolik* tradhisi Nyadran Kali kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

### 1. Prosesi

Prosesi utawi lampahaning tradhisi Nyadran Kali menika dipunwiwiti kanthi pandhapuking panawung kridha, cecawis papan, cecawis ubarampe saha sajen, arak-arakan keliling Desa, kirab sesaji, pagelaran wayang, saha pasugatan seni. Cecawis kanthi pandhapuking panawung kridha ingkang kajibah inggih menika warga masyarakat Rt 4 (sakawan). Dene papan tradhisi Nyadran Kali wonten ing *sumber air* utawi curug Pontong Dhusun Lamuk Gunung Desa Legoksari.

Cecawis ubarampe saha sajen ingkang dipunsamektakaken wonten ing tradhisi Nyadran Kali inggih menika gunungan palawija, sesajen cacah 7 ingkang mliginipun sajen wonten ing curug ponting inggih menika gedhang setangkep, kupat, sega kapidrata, degan ijo, takiran, jenang blohok, jenang abang putih, tigan ayam jawa, suruh kinang,

gula jawa, klapa, jajan pasar, cambah, pethek, ingkung, gleyor, unjukan pitung warni, kembang, sega bakar, winih saha menyan.

### 2. Makna simbolik

Makna simbolik saking tradhisi Nyadran Kali menika wonten ing prosesi, cecawis ubarampe, saha cecawis sajen. Makna simbolik saking prosesi, cecawis ubarampe, saha cecawis sajen kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

#### a. Arak-arakan keliling Desa

Arak-arakan keliling Desa dipunlampahi dinten Minggu, tanggal 1 April 2018 tabuh pitu ndalu ngantos dumugi purnanipun. Adicara dipunlampahi wonten ing balai *rukun Warga (Rw)* dipunlajengaken muter Desa Legoksari. Arak-arakan keliling Desa minangka pratanda bilih adicara tradhisi nyadran kali badhe dipunwiwiti. Ing dalu menika para bapa-bapak ugi wonten adicara piyambak inggih menika maos tahlil sesarengan. Ancasipun adicara menika kangge nyuwun idi palilah dening Gusti Inkgang Maha Kuwaos supados sedaya reroncening adicara saget manggihi lancar mboten manggihi alangan satunggal punapa.

#### b. Kirab Sesaji

Lampahing kirab dipunwiwiti saking balai Rw mlampah sesarengang dhateng curug Pontong. Nalika kirab ingkang dipunbekta inggih menika gunungan palawija saha 5 (gangsals) sesaji. Kirab sesaji menika gadhah ancas bilih ngregengaken malih paseduluran warga masarakat Dhusun Lamuk Gunung. Arak-arakan bidhal sesarengan saking ngajeng balai Rw tumuju margi kampung lajeng menggok mangiwa dhateng margi *trasah (jalan*

*batu*) kirang langkung 200 meter menggok manengen tumuju Curug Pontong.

c. Nyadran Kali

Adicara Nyadran kali dipunlampahi wonten ing Curug Pontong. Adicara menika kagungan ancas ngaturaken rasa syukur kalihan Ingkang Maha Kuwaos bilih wonten Lamuk Gunung taksih wonten *sumber air* ingkang nyekapi kabetahanipun para warga masyarakat Dhusun Lamuk Gunung saha supados *sumber air* Curug Pontong mboten asat. Adicara dipunpandegani langsung kalian Mbah Yastro saha dipunbiyantu kalian salah satunggaling panawung kridha. Adicara ingkang kapisan inggih menika ngobong klembak menyan saha doa, dipunlajengaken mecah degan ijo, salajengipun para warga rebutan gunung saha njamasi piranti kesenian.

d. Tebal Mbako

Tebal mbako sejatosipun inggih menika prosesi upacara kangge miwiti para kadang tani nanem sata supados sami saweg “teba”. Adicara tebal mbako kedah kajumbuhaken kalihan petangan dinten saha pasaran. Adicara menika kalampahan dinten senin pahing. Miturut petanganipun dinten senin menika 4 (sakawan) lajeng pahing menika 9 (sanga). Saking kekalhipun dipungungung dados 13 (tiga welas). Adicara menika gahah acas supados benjang menawi nanem sata ngasilaken sata ingkang sae langkung-langkung medal sata *srintihil*-ipun. Mbako *srintihil* kadhapuk saking kalih tembung inggih menika “sri” kalian “nginthil”. Ateges dewi Sri ingkang Nginthil wonten ing taneman sata menika. Ananging sata *srintihil* Lamuk Gunung manika taksih kalah

*kwalitasipun* tinimbang sata *srintihil* Lamuk Legok. Sata *srintihil* Lamuk Legok langkung sae amargi rikala jaman rumiyin nalika “ndaru rigen” dhawah, dhawahipun wonten ing Lamuk Legok.

e. Pagelaran Wayang

Pagelaran wayang menika kalampahan sabibaripun adicara Kirab Sesaji. Adicara menika ngemu teges raos bingah warga masarakat Dhusun Lamuk Gunung awit saking sedaya adicara Nyadran sampun kalampahan kanthi mboten manggihi alangan. Dhalangipun inggih menika warga Lamuk Gunung kemawon kalajengaken dalunipun ingkang Ndalang inggih menika Bapak Sutopo.

f. Pasugatan kesenian

Pasugatan kesenian menika dipunlaksanani wiwit dinten Selasa, 3 April 2018 ngantos dumugi dinten Sabtu, 7 April 2018. Pasugatan seni minangka wujud raos bingah anggenipun ngelampahi satunggal warsa kapungkur sampun manggihi *aman, damai, sejahtera* mboten wonten bebendu ingkang awrat. Adicara menika minangka sarana nepangaken *potensi* kesenian Desa Legoksari mliginipun Dhusun Lamuk Gunung. Wonten mapinten-pinten jinising kesenian kadas ta Kuda Lumping Gagak Mataram, Angguk, Campursari, Topeng, saha Topeng Ireng.

g. Gunungan Palawija

Gunungan palawija inggih menika salah satunggaling ubarampe wonten ing adicara Nyadran kali menina. Gunungan palawija kadhapuk saking mapinten-pinten asil tetanen para warga Dhusun Lamuk Gunung. Gunungan menika minangka pralambang *persatuan*. Gunungan kedah wonten taneman sata. Sata menika awujud pralambang

ingkang ngayom-ngayemi masyarakat Dhusun Lamuk Gunung. Sata dipunparingaken ing pucuking gunung amargi hasil bumi ingkang dipununggulaken inggih menika sata.

h. Gedhang setangkep

Gedhang setangkep manika gahah teges bilih dipunupamikaken asta mboten naming sesisih asta kemawon. Kedadosan menika jumbuh kalian dedonga nyuwun kalian pengeran bilih menawi dedongan utawi nyuwun menika kedah nggionakaken asta kalih.

i. Kupat

Gedhang setangkep manika gahah teges bilih dipunupamikaken asta mboten naming sesisih asta kemawon. Kedadosan menika jumbuh kalian dedonga nyuwun kalian pengeran bilih menawi dedongan utawi nyuwun menika kedah nggionakaken asta kalih.

j. Sega Kampirata

Sega kampirata menika kaginanaanipun penting sanget wonten ing upacara menika. Nalika jaman rumiyin dereng wonten obat kangge nambani tiyang ingkang gerah lajeng ingkang dipunginakaken sasanipun jamu inggih meika sega kampirata menika. Sega kampirata menika minangka pralambang *penolak* bala.

k. Degan Ijo

Degan ijo inggih menika ubarampe ingkang dipunginakaken namung ing Curug Pontong kemawon. Degan ijo dipunpecah wonten ing curug pontong. Degan ijo dipunpilih amargi toyanipun taksih suci dereng wonten perkawis-perkawis

ingkang *menodai* kasucenipun degan ijo. Toya degan ijo dipunsebat *banyu gege*.

l. Takiran

Takiran inggih menika wadah ingkang dipunginakaken kangge madahi jenang blohok. Takiran kadamel saking godhong gedhang ingkang dipundamel *segiempat* lajeng dipunsunduk ngangge biting utawi sujen.

m. Jenang Blohok

Jenang blohok menika kalebet ubarampe ingkang wigati amargi jenang blohok menika keremenanipun ingkang njagi wonten curug pontong. Jenang blohok inggih menika salah satunggaling ubarampe ingkang kedah wonten amargi jenang menika minangka karemenanipun ingkang njagi curug utawi kali pontong.

n. Jenang abang putih

Jenang abang putih menika kadamel saking beras ketan. Jenang abang dipuntambahi gula jawa lajeng ingkang putih mboten dipunsukani gula jawa. Jenang abang putih kagungan mapinten pinten teges. Inggang sapisan minangka alam abang ateges lemah utawi siti putih minangka awan utawi mega. Ingkang kaping kalih minangka asal usulipun manungsa ingkang merah saking ibu menawi putih saking *ayah* utawi bapak.

o. Tigan ayam jawa

Tigan menika ngemu teges bilih tiyang gesang ngelampahi tigan *unsur manusia* inggih menika purwa, madya, wasana. Purwa inggih menika nalika wonten ing salebeting *kandhungan*. Inggang

salejengipun inggih menika madya. Madya inggih menika alam nalika sedaya manungsa gesang.

p. Suruh Kinang

Suruh kinang menika kadadosan saling kalih tembung inggih menika “Suruh” saha “kinang”. Suruh menika kagungan teges bilih tiyang gesang menika kedah golek weruh utawi pados dadi penyuwunipun.

q. Klapa saha Gula jawa

Tiyang jaman rumiyin nalikanipun tasih jaman perang kathah ingkang mboten saged dhahar amargi pados dhaharan menika mboten gampang. Tiyang jaman rumiyin migunakaken gula saha klapa supados angsal kakiatan. Wonten ing adicara menika gula saha klapa gahah teges bilih tiyang gesang kedah gadhah kekiatan kangge ngadhepi sedaya kemawon perkawis.

r. Jajan Pasar

Rikala jaman rumiyin, menawi badhe kagungan kersa biasanipun *gotongroyong* kalihan sedherek sakiwa tengenipun. Kedadosan menika dipunsebat *ewang-ewang*. Nalika para tiyang sepah saweg sinoman mesthinipun dipunsambi kalihan momong lare alit. Awit saking menika dipunsamektakaken supados lare-lare alit mboten ngganggu pakaryanipun tiyang sepuh.

s. Cambah

Cambah ingkang dipunmaksud inggih menika sanes cambah ingkang dipundamel sega pecel utawi tahu cokol ananging cambah ingkang dipunmaksud inggih menika jinising wiji kacang-kacangan ingkang gampang thukulipun. Wiji kacang kacangan

antawisipun wiji rangges, wiji kacang, wiji gleyor saha sanesipun cambah pethek menika ngemu teges menawi gadhah penyuwunan utawi angen-angen supados enggal-enggal thukul.

t. Pethek

Pethek inggih menika iwak asin ingkang cilik. Tiyang jaman rumiyin pitados bilih ingkang dipunginakaken inggih menika langkung prayogi pethek ingkang lanang. Iwak pethek lanang menika ngemu teges bilih supados “lana”. Lana tegesipun langgeng.

u. Inkung

Inkung menika dipunginakaken nalikanipun bancakan. Inkung ingkang dipunginakaken inggih menika kedah ingkung jago jawa amargi tiyang jaman rumiyin pitados bilih ingkung jago menika wujud pralambang *kekuatan*. Saking wujudipun ingkung saged dipun tegesi bilih ingkung menika *perwujudan* saking caranipun tiyang gesang sami *tunduk* saha *patuh* kalihan ingkang Maha Kuwaos.

v. Gleyor

Gleyor utawi kacang penjang menika ngemu teges bilih kacang menika kenceng saha sabar. Miturut andharan wonten ing nginggil, saged dipunpundut duduan bilih tiyang gesang kedah sinau sabar saha ikhlas. Ikhlas saha sabar ngadhepi menapa kawontenanipun. Nalikanipun panenane sae ugi kedah emut kalihan ingkang damel gesang.

w. Unjukan 7 warni

Unjukan ingkang werninipun pitu (7) antawisipun kopi, teh tubruk tawar, teh tubruk manis, wedang santan, wedang gula merah, dawet, lan toya pethak.

Tiyang jaman rumiyin pitados bilih angka pitu nggadhahi teges ingkang wiar kados dene pitu menika pitulungan. Saking andharan wonten ing ngginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih unjukan 7 warni minangkaka pralambang pitulungan. Awit saking sih berkahing gusti sedaya adicara kalampahan kathi lancar sedaya masyarakat aman tebih saking perkawis-perkawis ingkang awon.

x. Kembang menyan

Kembang menika wujud pralambang raos panuwun dumaten Gusti Inggang Maha Kuwaos. Menyan gahah teges menawi tiyang gesang menika gadhah penyuwunan menika kedah tenanan anggenipun nyenyuwun. Manawi ingkang ngrasuk agami Islam mawi shalat, lajeng menawi sanesipun ugi mbekta cara ingkang jumbuh kalihan *ajaranipun*. Kembang ingkang dipunginakaken inggih menika kembang mawar pethak saha abrit. Kembang mawar gadhah teges bilih mawar menika penawar saking perkawis-perkawis ingkang mboten sae.

y. Segi bakar

Segi bakar dipundamel saking segi ingkang dipul kepel lajeng dipunbentuk kadosta tumpeng. Sasampunipun dipundamel kados mekaten lajeng dipunbakar. Salajengipun segi menika dipunparingi bawang, brambang, saha lombok. Segi bakar ngemu teges bilih tekat ingkang bulat kedah dipunbakar supados dados semangat ingkang membara.

z. Winih sata

Winih sata ingkang dipuginakaken inggih menika sata *varietas* kemloko. Winih sata ingkang dipunbetahaken inggih menika 13 (tigawelas) iji. Tiga welas iji winih kadhapuk saking petangan

dinten jawa inggih menika dinten senin pahing. Miturut petanganipun dinten senin menika 4 (sakawan) lajeng pahing menika 9 (sanga). Saking kekalihipun dipungungung dados 13 (tiga welas).

## DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

### Dudutan

Panaliten tradhisi Nyadran Kali wonten ing Dhusun Lamuk Gunung Desa Legoksari ngandharaken asal-usul tradhisi Nyadran Kali, lampahing tradhisi Nyadran Kali, *makna simbolik* ing tradhisi Nyadran Kali, saha paedahing tradhisi Nyadran Kali. Kangge ngandharaken ancasing panaliten, panaliti migunakaken metode panaliten kualitatif supados langkung cetha anggenipun ngandharaken panaliten. Anggenipun ngempalaken data kanthi teknik *triangulasi* inggih menika, *pengamatan berperan serta, wawancara mendalam*, saha kanthi *dokumentasi*. Cara ngesahaken data migunakaken teknik *triangulasi sumber, triangulasi metode*, saha *triangulasi teknik* saengga data-data ingkang dipunandharaken ing panaliten awujud data ingkang *valid* saking proses *pengamatan berperan serta, wawancara mendalam* kalihan *informan*, saha kanthi migunakaken *dokumentasi*.

Asal-usul tradhisi Nyadran Kali menika mboten dipunmangertosi wiwitanipun taun pinten daos tradhisi menika taksih *anonym*. Para warga masyarakat Dhusun Lamuk gadhah ancas badhe nglestantunaken menapa ingkang sampun dados tinggalanipun para leluhur Dhusun saha manggihaken tradhisi jawa ingkang wonten ing masarakat menika saged rembaka malih kanthi tata cara ingkang langkung narik kawigatosan kadosta

psugatan kesenian supados masarakat *antusias* anggenipun nyengkuyung tradhisi menika. Lampahanipun tradhisi Nyadran Kali menika wonten ing wekdal mapak wulan Rajab. Wekdal panaliten menika, tradhisi dipunlampahi dinten Senin surya kaping 2 wulan April warsa 2018, ingkang muturut petanganipun tanggalan jawa inggih menika 10 Rajab 1429 H. Tradhisi menika dipunlampahi wonten ing *sumber air* utawi curug Pontong Dhusun Lamuk Gunung Desa Legoksari . Prosesi saha *makna simbolik* tradhisi Nyadran Kali kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

### **Pamrayogi**

Tradhisi Nyadran Kali menika saged dadosaken sarana kangge nglestantunaken kabudayan Jawi, lajeng saged ngindhakaken perekonomian mliginipun masarakat Dhusun Lamuk Gunung saha sakiwatengenipun. Mawi tradhisi menika, masyarakat Dhusun Lamuk Gunung gadhah pamanggih kangge nepangaken tradisi nyadran kali minangka tradhisi *peninggalan nenek moyang*. Tradhisi menika ugi minangka sarana kangge nepangaken potensi pariwisata ing kabupaten Temanggung. Masarakat ingkang rawuh ing tradhisi menika ugi saged wisata ing papan pariwisata ing Desa Budaya Legoksari.

Awit saking menika, prelu dipundamel buku kangge *referensi* tumrap panaliten ingkang jumbuh saha saged kangge nambah pangertosan masarakat bab tradhisi kabudayan Jawi mliginipun masarakat Kabupaten Temanggung. Kajawi menika, ugi saged dipunginakaken kangge sarana *promosi* pariwisata wonten ing Kabupaten Temanggung.

### **KAPUSTAKAN**

- Arikonto, Suharsini. 2002. *Prosedur Suatu Penelitian, Pendekatan Praktek*. Jakarta:PT Rineka Cipta.
- Danandjadja, J 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: PustakaGrafitipers
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Folklor Jawa. Macam, Bentuk, dan Nilainya*. Jakarta : Penaku.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Folklor Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ghony, M.D dan Almanshur, F. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta: Ar-ruzz media.
- Gulo, W. 2002. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Grasindo.
- Herdiansyah, Haris. 2013. *Wawancara, observasi, dan Focus Groups*. Depok: PT. Rajagrafindo Persada.
- Herusatoto. 2001. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha
- Widia
- Koentjaraningrat. 1976. *Manunisa dan Kebudayaan di Inonesia*. Jakarta: Djambatan.
- Koentjaraningrat. 2002. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Koentjaraningrat. 2004. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Moertjipto. 1994. *Fungsi Upacara Tradisional Bagi Masyarakat Pendukungnya Masa Kini*. Yogyakarta: Depdikbud
- Moleong, Lexy. J. 2012. *Metode Penelitian Kualitatif. Revisi. Edisi*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

- Moeliono, Anton M. 1989. *Kembara bahasa : kumpulan karangan terbesar / Anton M. Moeliono*. Jakarta: Gramedia.
- Mulyana. 2018. *Kearifan local Indonesia. mengungkap nilai-nilai luhur bangsa Indonesia*. Yogyakarta:Tiara Wacana.
- Purwadi. 2009. *Folklor Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Prapantja. 1953. *Negarakertagama*, Terjemahan Slametmuljono, Djakarta:Siliwangi
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kombinasi (Mix Methods)*. Bandung:Alfabeta
- Tim Penyusun Kamus. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Zuriah, Nurul. 2006. *Metodologi Penelitian Sosial dan Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Zoetmulder, PJ. 1983. *Kalangwang: Sastra Jawa Kuna Selayang Pandang*. Terjemahan dari *Kalangwang A Survey of Old Javanese Literature*. Jakarta: Djambatan